

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode nu dipedar dina ieu bab ngawengku: désain panalungtikan, prosedur panalungtikan, instrumén tina panalungtikan, sarta populasi jeung sampel atawa sumber data.

3.1 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan anu digunakeun nyaéta kuasi ékspérimén kalawan desain *one group pretest-posttest design*. Siswa dibéré *pretest* ngaliwatan tés pilihan ganda dina lawungan munggaran pikeun mikanyaho kaayaan awal anu satuluyna néang bédana antara hasil kamampuh awal jeung hasil kamampuh ahir. Dina prakna, siswa dibéré tés awal atawa *pretest* ngeunaan pangajaran pakeman basa anu tuluy dilanjutkeun ku ngawadahan siswa pikeun nyieun proyék. Tuluy dina tahap ahir, siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung ngalaksanakeun tés ahir atawa *posttest*.

Treatment anu dilakukeun ka kelompok kelas ékspérimén miboga dampak pikeun siswa sabab stimulus nu dibéré ku guru di awal pangajaran méré pangrojong sangkan siswa kamotivasi pikeun néang informasi sorangan. Desain panalungtikan numutkeun Arikunto (2014) anu leuwih jéntré baris dipedar dina tabel di handap.

O ₁	X	O ₂
----------------	---	----------------

Tabél 3.1

One Group Pretest-Posttest Design

Keterangan:

O₁: Kamampuh awal siswa dina pangajaran Pakeman Basa (*pretest*)

X₁: *Treatment* ngagunakeun modél *Project Based Learning*

O₂: Kamampuh ahir siswa dina pangajaran Pakeman Basa (*posttest*)

Dumasar desain anu dipedar di luhur bakal kapaluruh hasil tina *treatment* nalika ngagunakeun modél *Project Based Learning* ku cara ngabandingkeun hasil

pretest (O_1) jeung hasil *posttest* (O_2). Dina ngalarapkeun ieu desain panalungtikan, tilu léngkah anu digunakeun nyaéta:

- 1) ngalakukeun *pretest* ka siswa dina kamampuh pakeman basa;
- 2) méré *treatment* ka siswa pikeun nyieun proyék; tuluy
- 3) méré *posttest* ka siswa pikeun mikanyaho kamampuh siswa saenggeus dilakukeun modél *Project Based Learning*.

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Data panalungtikan dituju pikeun siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung taun ajar 2023/2024. Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta hasil tina siswa kelas VIII.D SMPN 2 Bandung taun ajar 2023/2024 anu jumlahna 32 urang. Sedengkeun data anu dicangking dina ieu panalungtikan mangrupa hasil tés anu ngawengku *pretest* jeung *posttest* siswa ngaliwatan tés pilihan ganda. Sumber data ogé tangtuna baris dideudeulan ku hasil kuésionér jeung sagala rupa référénsi ti buku, jurnal jeung panalungtikan saméméhna.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun tina panalungtikan ieu nyaéta tés pilihan ganda anu ngawengku 15 soal nu geus dianalisis tur dibédakeun tina tingkat héséna soal dina *pretest* jeung *posttest*. *Pretest* digunakeun pikeun ngukur kamampuh awal tina pangajaran pakeman basa, sedengkeun *posttest* digunakeun saenggeus *treatment* dilakukeun pikeun ngukur kamampuh pangajaran pakeman basa. Tujuan tina instrumén tés nyaéta salaku alat pikeun ngukur kamampuh anu dipiboga ku kelompok anu jadi subjék panalungtikan. Tés pilihan ganda ngaliwatan tés pilihan ganda digunakeun sabab jinis tés ieu kamampuh masalah pangajaran pakeman basa siswa leuwih katingali.

Sugiyono (2021, kc. 234) nétélakeun yén kuésionér mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu dilakukeun ku cara méré runtuyan pertanyaan atawa pernyataan ka siswa salaku réspondén pikeun dijawab. Dina ieu téhnik digunakeun pikeun mikanyaho tingkat minat siswa dina diajar pakeman basa saenggeus

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangajaran dilaksanakeun. Data tina kuésionér ngawengku tanggapan, kamandang, persépsi, jeung kesan siswa ngeunaan pangajaran pakeman basa. Panalungtik nyusun kisi-kisi instrumén jeung soal tés saperti dina tabél 3.2.

Tabél 3.2
Kisi-kisi Instrumén

Aspék	Indikator Soal	Bentuk Soal	No. Soal	Aspék/Ranah		
				Kognitif	Aféktif	Psikomotorik
Paribasa	Mengkatégorikan jenis pakeman basa	Pilihan ganda	4, 10	C4		
Babasan	Menyebutkan jenis pakeman basa		1, 6, 7	C1, C4, C3		
	Menominasikan beberapa contoh dari pakeman basa					
	Menentukan makna pada contoh pakeman basa					
Rakitan Lantip	Menyesuaikan jenis pakeman pada pilihan yang tepat		3, 12	C3		P2
	Menempatkan pakeman basa dengan tepat pada suatu peristiwa					
Cacandran	Mengkatégorikan contoh dari jenis pakeman basa		2, 9	C2, C3		
	Menentukan jenis pakeman basa					
Uga	Menyebutkan contoh dari jenis pakeman basa		5, 8	C1, C3		
	Menyesuaikan jenis pakeman basa					
Caturangga	Menjelaskan makna dari jenis pakeman basa	13, 15	C2, C2			
	Mengkatégorikan contoh dari jenis pakeman basa					

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aspék	Indikator Soal	Bentuk Soal	No. Soal	Aspék/Ranah		
				Kognitif	Aféktif	Psikomotorik
Panyaraman	Menyesuaikan contoh dari salah satu jenis pakeman basa		11, 14	C3, C1		
	Menjelaskan contoh dari jenis pakeman basa					

Instrumén tés ngagunakeun *pretest* jeung *posttest* anu dilakukeun ngaliwatan tés pilihan ganda. Di handap mangrupa soal pikeun disebar ka unggal siswa.

Tabél 3.3

Instrumén Tés

SOAL PRETEST DAN POSTTEST	
Nama Sekolah	: SMPN 2 Bandung
Mata Pelajaran	: Bahasa Sunda (Pakeman Basa)
Nama Siswa	:
Kelas/Nomor Absen	:
Cakra (X) aksara A, B, C atawa D pikeun jawaban anu bener!	
1.	Jelema anu soméah tur hadé parangina sok disebut ...
	a. budi parangi
	b. alus budi
	c. ngabudi ucing
	d. amis budi
2.	(1) Ciamis manis
	(2) Cianjur katalanjuran
	(3) Bandung heurin ku tangtung
	(4) Nagara kertaraharja lamun lebak cawéné geus kapanggih
	(5) Sukapura ngadaun ngora
	Anu kaasup kana cacandran di luhur, nyaéta ...
	a. (1), (3), (5), (4)
	b. (2), (3), (4), (5)
	c. (1), (2), (3), (5)

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- d. (2), (3), (5)
3. *“Udin kadieu! ieu ema pangmiceunkeun tampolong!*
Paréntah anu saluyu pikeun téks di luhur nyaéta ...
- miceun tampolong
 - nitah ema kadieu
 - Udin kaditu
 - pangmiceunkeun ema
4. Ungkara *“monyét ngagugulung kalapa”* kaasup kana conto ...
- cacandran
 - babasan
 - caturangga
 - paribasa
5. Uga kabagi jadi opat, nyaéta ...
- Uga Bandung, Uga Galunggung, Uga Banten, Uga Kawasén
 - Uga Galunggung, Uga Ciamis, Uga Jepang, Uga Kawasén
 - Uga Bandung, Uga Galunggung, Uga Payung, Uga Kawasén
 - Uga Galunggung, Uga Jepang, Uga Bandung, Uga Kawasén
6. Ari: *“Tingali, urang mah dibéré nilai alus ku Bu Restu, teu jiga manéh!”*
Denis: *“Ah teu nanaon da kabéh gé diajar.”*
Babasan anu luyu jeung dialog di luhur nyaéta ...
- gedé hulu
 - babari dititah
 - panjang leungeun
 - hampang birit
7. Ungkara *“panjang leungeun”* kaasup kana ...
- uga
 - paribasa
 - cacandran
 - babasan
8. Urang Sunda bakal nanjung atawa harkat darajatna, lamun kapribadian jeung tangtungan urang Sunda anu geus incah balilahan anu leungit tina diri urang Sunda geus balik deui dina dirina.
Uga anu cocog pikeun ébréhan di luhur, nyaéta ...
- Sunda nanjung mun pulung geus turun ti Galunggung
 - Sunda nanjung lamun nu pundung ti Bandung ka Cikapundung geus balik deui
 - Nagara kertaraharja lamun lebak cawéné geus kapanggih

- d. Ari anu bakal jadi ratu téh, dibaju butut, babadong batok
9. “Bandung heurin ku tangtung” kaasup kana conto kalimah ...
- paribasa
 - babasan
 - cacandran
 - caturangga
10. Dina paribasa *Cikaracak ninggang batu laun-laun jadi legok*, ma’na anu dikandung dina éta paribasa nu bisa dilarapkeun dina kahirupan nyaéta ...
- getol diajar matak pinter
 - gogoléran
 - hésé saré matak tunduh
 - sok puak-paok
11. *Ulah cicing dina lawang panto, pamali bisi hésé meunang ...*
- duit
 - jodo
 - tempat
 - lauk
12. Nyi Minah nitah ka incuna sangkan meuli peda ka warung sabab unggal poé ngan dahar témpé jeung tahu.
Rakitan lantip nu cocog pikeun ébréhan di luhur nyaéta ...
- seungit nu ngagoréng bawang
 - asa geus lila teu dahar jeung peda
 - ngasurkeun seuneu
 - cing, gedéan radiona Jang, teu kadéngé ku Aki mah!
13. Pikeun nganyahokeun kuda anu hadé pikeun diingu nyaéta ...
- nu kulinciran dina beuteung beulah hareup
 - nu kulinciran dina tonggong lebah handapeun sela beulah hareup
 - nu kulinciran dina beuteung beulah tukang
 - nu kulinciran dina tonggong lebah handapeun sela beulah katuhu
14. *Dipahing dipapayung di jero imah bisi aya nu numpang maot*
Ébréhan di luhur mangrupa jinis pakeman basa ...
- babasan
 - caturangga
 - panyaraman
 - paribasa
15. *Satria kinayungan, buaya ngangsar, jeung sumur bandung* dilarapkeun pikeun ...

- a. kuda
- b. oray
- c. maung
- d. domba

Kunci Jawaban:

- 1. D
- 2. C
- 3. A
- 4. D
- 5. A
- 6. A
- 7. D
- 8. B
- 9. C
- 10. A

Kunci Jawaban:

- 11. B
- 12. B
- 13. B
- 14. C
- 15. A

Saenggeus nyebar tés pilihan ganda tur dieusian ku siswa, pikeun ngukur niléy kamampuh siswa dina pakeman basa, panalungtik nangtukeun aspék paniléyan. Aspék paniléyan anu dijieun ku panalungtik dijéntrékeun dina tabel di handap.

Tabél 3.4

Padoman Meunteun Soal Pilihan Ganda

Nomor Soal	Bobot Soal
1-15	1
Jumlah skor maksimal	15

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Upama bener peunteun 1
- Upama salah peunteun 0

Rubrik Paniléyan:

$$\text{Niléy} = \frac{\Sigma \text{ benar}}{\Sigma \text{ skor maksimal}} \times 100$$


Tabél 3.5

Conto Meunteun dina Panalungtikan

Hasil Pretest/Posttest										
Kode Siswa	Aspék Peunteun							Skor	Peunteun	Katégori
	P	B	RL	CC	U	CR	PR			

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa hal anu penting dina ngalarapkeun panalungtikan. Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyéta kuantitatif anu ngagunakeun data-data mangrupa angka pikeun ngajawab hipotésis panalungtikan. Sedengkeun métode nu dipake nyaéta métode kuasi ékspérimén. Sangkan méré gambaran ngeunaan prosedur panalungtikan baris diguar dina bagan di handap.



Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagan 3.1

Prosedur Panalungtikan

Ieu panalungtikan dibagi jadi sawatara tahap sacara umum, nyaéta tahap tatahar, tahap palaksanaan, jeung tahap ahir. Di handap mangrupa runtuyan tina prosedur panalungtikan.

- a) Tatahar:

Dina ieu tahap, panalungtik ngaidéntifikasi tuluy ngalakukeun obsérvasi dumasar masalah nu karandapan ku siswa hususna dina pangajaran pakeman basa. Panalungtik nangtukeun modél pangajaran anu cocog pikeun ngungkulan masalah. Satuluyna, panalungtik nangtukeun variabel, nataharkeun instrumén tés, instrumén paniléyan, jsb.
- b) Tahap palaksanaan:

Dina ieu tahap, panalungtik ngalakukeun *pretest* di awal panglawungan pangajaran di kelas sampel nu dipilih. Satuluyna, panalungtik ngalakukeun kagiatan diajar saluyu jeung rancana pangajaran nu geus dijieun. Siswa diparéntah pikeun migawé pancén sangkan jadi hiji produk mangrupa vidéo pondok.
- c) Tahap ahir:

Dina panglawungan satuluyna siswa migawé soal *posttest* pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa saenggeus dilakukeun kagiatan pangajaran. Dina ieu tahap ahir, panalungtik ngumpulkeun data di lapangan tuluy nganalisis hasil *pretest* jeung *posttest* ngagunakeun aplikasi SPSS.

Dina tahap ahir ogé panalungtik nyokot kacindekan saluyu jeung tujuan tina panalungtikan. Saenggeus kitu tuluy panalungtik nangtukeun rékoméndasi.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun tina ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta téhnik tés (*pretest-posttest*). Arikunto (2013, kc. 266) nétélakeun yén tés mangrupa runtuyan pertanyaan atawa latihan nu digunakeun pikeun ngukur pamarekan, pangaweruh

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

intelegénsi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok. Jinis tés nu digunakeun tina ieu panalungtikan nyaéta tés ngaliwatan tés pilihan ganda dina wangun pilihan ganda anu jumlahna 15 soal. Ieu téhnik digunakeun sabab data utama nu dibutuhkeun panalungtik nyaéta data ngeunaan kamampuh siswa ngeunaan pangajaran pakeman basa. Hasil dina tés awal jeung ahir anu geus dikumpulkeun pikeun mikanyaho kamampuh saenggeus kagiatan *treatment* dina pangajaran dilakukeun.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun ku panalungtik tuluy diolah pikeun mikanyaho hasil tina kagiatan *pretest* jeung *posttest* anu geus dilakukeun. Léngkah-léngkah panalungtik tina téhnik analisis data nyaéta: Tina ieu panalungtikan maké perhitungan nu dilakukeun dumasar SPSS (*Statistical Product and Service Solutions*). SPSS nyaéta alat ngolah data anu ilaharna dipaké pikeun ngolah jeung nganalisis data kuantitatif. SPSS mibanda kamampuh pikeun nganalisis anu patalina jeung statistik, sabab méré kaonjoyan pikeun nganalisis panalungtikan pikeun variabel nu leuwih jembar. Léngkah-léngkah tina ngolah data ieu panalungtikan sakumaha anu dipedar dihandap.

- 1) ngaobsérvasi atawa mariksa hasil tina pretest jeung posttest anu diluyukeun jeung kritéria anu geus ditangtukeun panalungtik;
- 2) méré niléy tina hasil tés siswa kalawan rumus peunteun

$$\text{Niléy} = \frac{\Sigma \text{ benar}}{\Sigma \text{ skor maksimal}} \times 100$$
- 3) ngasupkeun peunteun kana tabél anu geus disadiakeun; tuluy
- 4) nyindekkeun sakabéh data anu geus dicangking tina hasil panalungtikan.

3.7 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Uji normalitas pikeun mikanyaho data naha miboga distribusi normal atawa henteu. Uji normalitas diuji ngagunakeun aplikasi SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) versi 29. Sedengkeun uji hipotésis nyaéta pikeun mikanyaho naha aya béda nu signifikan

antara kamampuh pangajaran pakeman basa siswa kelas VIII.D SMPN 2 Bandung saméméh jeung saenggeus ngagunakeun modél *Project Based Learning*.

3.7.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nyaéta pikeun mikanyaho naha data anu dimeunangkeun tina saméméh jeung saenggeus dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa miboga distribusi data anu normal atawa henteu normal. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode *Shapiro-Wilk* nu miboga hipotésis uji normalitas saperti di handap.

- a. H_0 = distribusi data normal, saupama niléy (sig) $>0,05$
- b. H_1 = distribusi data henteu normal, saupama niléy (sig) $<0,05$

3.7.2 Uji Hipotésis

Saupama hasil tina uji normalitas miboga distribusi data nu teu normal, mangka data bakal dianalisis ngaliwatan uji *non-parametric Wilcoxon*. Hipotésis mangrupa jawaban anu can tangtu sipatna logis ngeunaan hiji hal (Heryana, 2020). Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis, nyoko kana kritéria di handap.

- a. H_0 (Hipotésis nol): Hartina teu aya béda signifikan antara kamampuh siswa kelas VIII.D SMPN 2 Bandung dina pangajaran pakeman basa saméméh jeung saenggeus dilaksanakeun modél *Project Based Learning*.
- b. H_1 (Hipotésis alternatif): Hartina aya béda signifikan antara kamampuh siswa kelas VIII.D SMPN 2 Bandung dina pangajaran pakeman basa saméméh jeung saenggeus dilaksanakeun modél *Project Based Learning*.